

## ABSTRAK

Sarengsena perang tiis sakitar tahun 1989 anu ngayeubabkeun parobahan anu gede dina tatanan Hubungan Internasional. Upama harita kaamanan dikaitkeun jeung masalah kakuatan militer antara nagara pikeun ngarebutkeun kakuasaan atawa posisi maka kiwari kamanan ngabogaan sifat anu leuwih universal. Dimensi kaamanan pasti ngeunaan kana analisis konflik. Konflik bisa dipicu ku factor politis, ekonomi, jeung sajabana. Hal ieu kajadian di nagara-nagara dibelahan dunia namung kitu anu paling loba kajadian nyaeta di benua Afrika, salah sahijina nyaeta nagara sudan. Sudan geus lila dilanda konflik internal, boh anu dipicu ku masalah etnis, politis, ideologis, atawa oge ekonomis. Saperti masalah Sudan Selatan, Sudan Timur jeung anyar-anyar ieu ditahun 2003 konflik di Sudan Barat, Darfur nyuat. Konflik Darfur mawa parhatian dunia internasional sabab jumlah korban konflik nepi kana 4 juta jiwa sarta dianggap krisis kamanusiaan panggedena abad ieu. Uni Afrika, PBB, uni Eropa, jeung sajabana organisasi internasional anu geus nyobaan pikeun ngupayakeun pardamean di wilayah ieu. Hal ieu narik panulis pikeun nalungti: naon anu jadi latar belakang konflik di Sudan khususna di Darfur? Jeung kontribusi naon anu dibikeun ku Uni Afrika salaku organisasi regional kawasan dina ngupayakeun pardamean di Darfur?

Aya oge anu jadi tujuan panalungtikan ieu nyaeta pikeun merenyaho upaya uni Afrika dina ngatasi konflik di darfur sarta merenyaho kendala-kendala dina ngajalankeun misi pardamean kasebut. Sedengkeun mangfaat atawa kagunaan tina panalungtikan ieu nyaeta pikeun nambahan informasi jeung wawasan penstudi hubungan internasional ngeunaan kana contoh dinamika konflik internal anu ngaruhan kana stabilitas kawasan jeung genaon kana pentingna lakonan gawe bareng regional atawa oge Internasional khususna Uni Afrika dina ngatasi konflik jeung nyiptakeun pardamean di wilayah Sudan Barat (Darfur).

Metoda anu digunakeun dina panalungtikan ieu nyaeta metoda deskriptif analisis, nyaeta panguraian jeung panggambaran kondisi anu sasuai dilajeungkeun kana nganalisana pikeun ngamenangkeun panjeulasan tina kondisi-kondisi kasebut. Dina hal ieu ngadeskripsikeun ngeunaan kana dinamika konflik internal di nagara Sudan nyaeta diwilayah Darfur jeung nalungti ngeunaan lakonan hiji organisasi regional afrika dina ngupayakeun pardamean diwilayah kasebut. Ku cara ngumpulkeun, nyusun nginterpretasikeun data anu dilanjutkeun ku diajukeun kucara nganalisa data kasebut.

Tina panalungtikan kasebut bisa disimpulkeun bahwa Uni Afrika acan ngalakonan optimal dina ngupayakeun pardamean di Darfur, Sudan Barat. Hal ieu ditandaan ku upaya gencatan senjata kahiji dumasarkeun (HCFA) Humanitarian Ceasefire agreement on the Darfur Conflict dina tanggal 8 April 2004 anu ngalaman kagagalan. Salajeungna dina tanggal 5 Mei 2006 kacapaina (DPA) Darfur Peace Agreement namung kitu teu kabeh pihak anu pasea nganandatanganan parjanjian kasebut. Namung kitu, DPA jadi tolak ukur parjanjian damai di Darfur namung kitu oge tingkat kakerasan teu ngurangan malahan mah makin ningkat. Pasukan pardamean Afrika, nyaeta AMIS ( African Mission in the Sudan) hese ngajalankeun misina di Darfur akibat kurangna paralatan jeung personil sarta akibat suhu politik kaamanan anu teu kondusif maka hese nyalurkeun bantuan kamanusiaan ka para pangungsi Darfur.

Kecap Konci: Lakonan Uni Afrika, Krisis kamanusiaan di Darfur